

Règ AKSESIBLITE FHV YO AN EFÈ

Meera Joshi

Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg

Afè Piblik

frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger

Afè Piblik

harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street

22nd Floor

New York, NY 10004

Jou ki te 3 oktòb 2018 la, Komisyon Taksi ak Limouzin nan te adopte règ pou modifye egzijans konsènan aksèsibilite pou chèz woulant pou Baz Taksi yo.

Règ sa a bay baz yo de (2) opsyon pou bay sèvis aksesib:
Manda Kous la, ki egzije pou omwen 5% kous ki gen chak ane yo gen Machin ki Aksesib pou Chèz Woulant yo (Wheelchair Accessible Vehicles, WAV), oswa Eksepsyon an, ki pèmèt baz yo asosye ak yon Konpayi Machin Akesib ki apwouve (konpayi ki gen lisans TCL pou bay sèvis ki aksesib pou chèz woulant pou lòt baz).

Kòmanse 14 janvye 2019, tout baz taksi dwe bay sèvis ki aksesib pou chèz woulant, swa selon Manda Kous la oswa Eksepsyon an.

Pasaje ki vle rezève yon kous ki aksesib pou chèz woulant nan yon Taksi ka rele sèvis machin lokal yo oswa itilize yon sèvis sou aplikasyon tankou Uber ak Lyft. Si nenpòt sèvis machin ki gen lisans TLC pa ka bay sèvis ki aksesib pou chèz woulant, pasaje yo te rele 311 pou pote plent.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou règ yo, ale sou sitwèb TLC a:
http://www.nyc.gov/html/tlc/html/industry/fhv_accessibility.shtml